

Menm zile, menm zetwal
Misma isla, mismas estrellas

Lakou
Kajou



Menm zile, menm zetwal

Misma isla, mismas estrellas

Konsiy pou anseyan



Entwodiksyon :

Menm zile, menm zetwal se yon istwa ki ekri pou timoun pou ankouraje bon relasyon vwazinaj ak respè youn lòt.



Vokabilè :

Pale ak timoun yo sou mo sa yo avan lekti a.

Vwazen : Moun ki viv sou kote oswa byen pre youn ak lòt.

Zile : Yon moso tè ki antoure ak dlo.

Karanbòl : Yon fwi twopikal koulè jòn, ki gen fòm zetwal lè li dekoupe.



Li pou timoun yo :

1) Montre timoun yo kouvèti liv la. Mande yo ki sa yo wè. Mande yo sou ki sa yo panse liv la pale.

2) Anvan ou li chak paj, montre timoun yo imaj yo. Montre yo ankò lè ou fin li fraz yo.

3) Apre lekti a, poze kesyon : Ki kote Ema prale ? Pou ki sa li chwazi karanbòl yo pou Tito ? Pou ki sa liv la rele *Menm zile, menm zetwal* ?



Konvèsasyon :

Ki sa ki yon bon vwazen ? Ki jan nou ta dwe viv ak vwazen nou ?

Guía del maestro

Introducción :

Misma isla, mismas estrellas, está escrito para niños para promover el respeto y las relaciones amigables.

Vocabulario:

Hable con los niños/as sobre estas palabras antes de leer.

Vecino/a: Una persona que vive cerca o al lado de otra persona.

Isla: Porción de tierra rodeada de agua.

Carambola: Una fruta tropical amarilla cuya porción se ve como una estrella.

Lectura para los niños:

1) Mostrar la portada del libro a los estudiantes y pedir que ellos identifiquen lo que ven. ¿De qué se trata el libro?

2) Hacer una pausa para mirar las ilustraciones. Leer las frases. Pausar otra vez para que vean las ilustraciones otra vez.

3) Después de leer, pregunte: ¿A dónde va Ema? ¿Por qué Ema eligió este regalo? ¿Por qué el libro se titula *Misma isla, mismas estrellas*?

Conversación:

¿Qué es un buen vecino? ¿Cómo tendríamos que vivir con nuestros vecinos?



EMA PRAL WÈ ZANMI LI TITO DEMEN.
KI SA LI KA BA LI POUR FÈT LI?

EMA VA A VISITAR A SU AMIGO TITO MAÑANA.
¿QUÉ PODRÍA DARLE PARA SU CUMPLEAÑOS?



Tito ap viv byen lwen. Men lannuit,
Ema ak Tito ka gade menm zetwal yo.

Tito vive muy lejos.
Ema y Tito pueden ver las mismas estrellas.




Emá gen yon bèl lide. Li konnen sa pou li bay Tito.
Li pral vlope li anvan li pati demen maten.

Emá tiene una muy buena idea.
Ella sabe lo que puede darle a Tito.
Lo envolverá antes de partir por la mañana.



EMA AK TONTON LI PATI AL WANAMENT.
WOUT LA LONG. YO RIVE BÒ RIVYÈ A.

EMA Y SU TÍO SE VAN PARA WANAMENT.
EL VIAJE ES MUY LARGO. LLEGAN CERCA DEL RÍO.



Sou lòt bò rivyè a, Ema wè Tito ak
manman li k ap tann li.

Por el otro lado del río, Ema ve a Tito
y su mamá esperándoles.



Ena ak Tonton li travèse rivyè a.
Lè yo rive Dajabonn, tout moun yo anbrase youn lòt.
Yo tout kontan!

Ena y su tío cruzan el río.
Cuando llegan a Dajabón, todos se abrazan.
¡Todos están felices!



Tito di : «Vamonos para mi casa.
An n al lakay mwen.»
Tito te vwazen Ema nan Sendomeng.

Tito dice: «Vámonos para mi casa.
An n al lakay mwen.»
Tito fue vecino de Ema en la República Dominicana.



Lakay Tito, manman li gen yon sipriz pou yo.
Yon fèt pou anivèsè Tito !

En casa de Tito, su mamá tiene una sorpresa.
¡Una fiesta para el cumpleaños de Tito!



«Mwen gen yon kado espesyal pou ou, Tito.
Se pou ou ka sonje yon bagay.»

«Tengo un regalo especial para ti, Tito.
Es para que te acuerdes de algo.»



Tito ouvri pake a.
Li pa konn ki sa pou li di paske li desi.

Tito abre el paquete.
No sabe qué decir porque se siente decepcionado.



Men lè Manman Tito wè kado a li souri:
«Se yon bèl kado. Kite m montre ou.»

Pero su mamá mira el regalo y sonrìe:
«Es un bello regalo. Mira esto.»



Lè Tito wè plat la, li souri tou.
«Ema pote zetwal ki sot Ayiti pou mwen!
M ap sonje n ap gade menm syèl la.»

Cuando Tito ve el plato, también sonrío.
«¡Ema me ha traído estrellas de Haití!
Voy a recordar que siempre miramos el mismo cielo.»



Yon sèl zile, yon sèl lalin, yon sèl solèy!
Zetwal yo klere pou nou tout.
Vwazinaj se fanmi.

¡Una sola isla, una sola luna, un único sòl!
Las estrellas brillan para todos nosotros.
Los vecinos son familia.

Anseyan yo, gade!

Nou ka enprime yon vèsyon nwa e blan liv sa a pou timoun yo. Men ki jan pou nou fè sa:

Enpresyon

1. Telechaje PDF la ki sou sit nou an: www.lakoukajou.ht
2. Enprime PDF la sou 2 bò yon paj papye 8.5 X 11 (dimansyon lèt)
 - a. *Asire ou enprimant la fè chwa enpresyon dezyèm paj la sou bò kout paj la. Sa trè enpòtan pou paj ti liv la ka soti ann òd.*
 - b. *Si papye ou la pa 8.5” X 11”, chwazi “fit to page” pou enprimant lan, ki vle di ajiste pou papye a.*




Pliye epi dekoupe paj la

Pou fè liv la w ap bezwen pliye paj la epi dekoupe li.

1. Mete paj la an pozisyon pou bò kout yo an wo ak an ba, epi bò long yo sou kote dwat ak goch. An fas ou ou dwe ap gade paj 1, 2, 5, 6 ti liv la.
2. Pliye fèy la nan mitan sou longè li. Kounye a ou dwe ap gade kouvèti liv la an wo epi paj 7 an ba.
3. Pliye li an 2 ankò nan mitan demi fèy long nan.
4. Vire ti liv la pou w gade kouvèti ti liv la.
5. Dekoupe rebò anba yo pou ou ka vire paj yo.
6. Kounye a ou gen yon ti liv pou elèv ou yo.

Li epi kolorye

Timoun ou yo kapab li ti liv la epi kolorye desen yo. Ankouraje yo pou yo li ak fanmi yo lakay yo.



Lakou Kajou
Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

Menm zile, menm zetwal Misma isla, mismas estrellas

Liv sa a fèt pou paran ak pwofesè ka li pou timoun yo. Ale sou sit wèb nou an lakoukajou.ht pou ou jwenn yon vèsyon pi kout pou timoun yo. Ou ka enprime l pou yo ka li ak kolorye pou kont yo. Anseyan yo ap jwenn yon gid sou ki jan pou yo sèvi ak istwa Lakou Kajou yo nan klas yo sou sit wèb la. Ekip Lakou Kajou a te kreye *Menm zile, menm zetwal* pou amize timoun yo. Pou aprann plis vizite sit nou lakoukajou.ht

Liv sa a te devlope an kolaborasyon ak Frontera de Luz: borderoflights.org.

Suiv Lakou Kajou pou timoun yo ka aprann ak kè kontan.

Este libro fue preparado para que padres y maestras(os) lean para los niños. Favor de visitar nuestro sitio web lakoukajou.ht para encontrar una versión más corta para los niños. Lo pueden imprimir para que los niños lo lean y coloren. Los maestros(as) también podrían encontrar una guía sobre cómo usar cuentos de Lakou Kajou en clase en el sitio web. El equipo de Lakou Kajou creó este libro, *Misma isla, mismas estrellas*, para que los niños lo disfruten. Para aprender más, visite lakoukajou.ht

Este libro fue desarrollado en colaboración con Frontera de Luz: borderoflights.org.

Siguen a Lakou Kajou para que los niños aprendan con felicidad.

Blue Butterfly

Inspired by Kids. Everywhere
butterfly.org

Lakou Kajou

Pou timoun ka aprann ak kè kontan
lakoukajou.ht

© 2023 dwa d otè Third Sector New England (TSNE). Tout dwa rezève.
Pèmision pou sèvi ak travay sa a tonbe an ba règleman CC BY-NC-ND 4.0.
Pou wè kopi règleman an, ale gade sou lyen sa a :
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/deed.fr>